

3

fevriye

Gen ladan yo ki te rete kote ki fè nwa a, kote lavi yo te an danje anpil, yo te prizonye, yo t ap souffri anba chenn, paske yo te derefize obeyi kòmmanman Bondye ki anwo nan syèl la... anba tout tray sa yo, yo rele nan pye Senyè a. Li wete yo nan lafliksyon sa a. Li fè yo sòti kote ki te fè nwa a. Li kase chenn ki te mare yo.

Sòm 107. 10-14

Temwayaj yon prizonye

Istwa sa a nou pral rakonte la, se yon moso nan yon lèt yon nonm ki te nan prizon pou gwo zak malonnèt te ekri kay arè Renn nan.

“Mwen pa t konnen Bondye ale wè Jezi Kris. Dabò, m pa t vle tandè pale de yo, paske pou mwen, se te istwa pou fè timoun dòmi. Poukisa li te pèmèt m pèdi paran m yo lè m te gen kat lane epi m separe de frè m ak sè m yo pou m vin viv yon lavi ki pa gen okenn sans? M te swaf verite a, men ki kote pou m twouve l nan mitan tout relijyon ak fanatik sa yo? M te chwazi viv kòm ate.

Jodi a, kote m deja pase dizwit mwa nan prizon, finalman m jwenn sila ki te toujou enterese a mwen an, Sovè mwen Jezi Kris. Ti limyè sa te kòmmanse briye nan mwa oktòb 1986, nan moman kote m te kwè m te pèdi tout bagay, apre m te fin gache lavi m, m wè ki inital.

Yon apremidi, pandan yo te transfere m nan yon lòt sèlil, yon jenn gason ki t ap antre nan sal vizit la, te poze m kesyon sa : “Eske w kwè nan Bondye?” San li pa t ban m chans pou m te kanpe l ak enkredilite m, li pase anpil tan ap pale m de Jezi. Yon mwen ki gen abitud pa sipòte moun ap pale m de Bondye, m t ap koute jenn gason sa ki chita anfas mwen. Pawòl li yo touche m nan fon kè. Yon ti tan apre, pandan m te nan sèlil mwen an, m rele Bondye, m pale avè l, m te mande l gras pou li padone m e pou li ban m limyè li ak chalè li. Pou premye fwa nan lavi mwen m te santi prezans li. Nouvo testaman jenn gason sa te kite pou mwen an vin tounen pou mwen yon manje m pa ka pa manje. M pap janm bliye rankont mwen ak sovè m nan paske m te vin konprann kisa sa vle di libète.”

3 février

Ceux qui habitent dans les ténèbres et dans l'ombre de la mort, liés d'affliction et de fers, parce qu'ils se sont rebellés contre les paroles de Dieu... crièrent à l'Éternel dans leur détresse, et il les délivra de leurs angoisses : Il les fit sortir des ténèbres et de l'ombre de la mort, et rompit leurs liens. Psaume 107. 10-14

Témoignage d'un détenu

Le récit qui suit est un extrait de la lettre d'un homme incarcéré pour faute grave à la maison d'arrêt de Reims.

“Je ne connaissais pas Dieu et encore moins Jésus Christ. D'ailleurs je ne voulais pas en entendre parler, car pour moi, ce n'était qu'une fable. Pourquoi aurait-il permis que je perde mes parents à l'âge de quatre ans et que je sois séparé de mes frères et sœurs pour connaître une vie dénuée de sens ? J'avais soif de vérité, mais où la trouver au milieu de tant de religions, de fanatisme ? J'avais donc opté pour une vie d'athée.

Aujourd'hui, alors que j'ai déjà purgé dix-huit mois de prison, j'ai enfin rencontré celui qui s'est toujours intéressé à moi, mon Sauveur Jésus Christ. Cette lueur a commencé à briller en octobre 1986, alors que je croyais avoir tout perdu, ayant gâché totalement ma vie, la voyant inutile.

Un après-midi, alors que j'étais transféré dans une autre cellule, un gars rentrant du parloir m'a posé la question : “Crois-tu en Dieu ?” Sans se laisser arrêter par mon incrédulité, il m'a parlé longuement de Jésus. Moi qui d'habitude ne supportais pas d'entendre parler de Dieu, j'écoutais le gars assis en face de moi. Ses mots touchaient profondément mon cœur. Un peu plus tard, dans ma cellule, j'ai crié vers Dieu, je lui ai parlé, je l'ai supplié de me pardonner et de me donner sa lumière et sa chaleur. Pour la première fois de ma vie, j'ai senti sa présence. Le Nouveau Testament que m'a laissé ce gars est devenu pour moi une nourriture indispensable. Ma rencontre avec mon Sauveur reste inoubliable car j'ai compris le sens du mot liberté.”